

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Biografi mangrupa tulisan ngeunaan riwayat hirup jalma. Biografi ngandung harti riwayat hirup anu kawilang lengkep ngeunaan kahirupan hiji jalma, anu di jerona nyaritakeun pangalaman, kagiatanana, pasipatanana, kalungguhanana, jeung lingkunganna anu ditulisna ku batur.

Dina kurikulum 2006, standar kompetensi jeung kompetensi dasar SMP kelas VII ngeunaan pangajaran nulis, nulis biografi geus kaasup pikeun jadi pangajaran nulis siswa di sakola. Sanajan anu diajarkeun téh mangrupa nulis biografi singget. Kitu deui dina standar kompetensi jeung kompetensi dasar SMA kelas X ngeunaan pangajaran nulis, nulis biografi kaasup ogé jadi bahan pangajaran nulis di sakola.

Ku ayana pangajaran nulis biografi di SMP jeung SMA, pangajaran nulis biografi kaasup pangajaran anu sinambung, dina harti penting pikeun diajarkeun sarta dipikaweruh ku para siswa. Sok sanajan pangajaran biografi di tingkat SMP kaasup nulis biografi singget, dina harti teu ngabolékérkeun kahirupan hiji jalma anu lengkep, tapi bisa jadi acuan pikeun pangaweruh pangajaran nulis biografi di tingkat SMA.

Biografi pikeun nalungtik tur ngajelaskeun kajadian-kajadian kahirupan hiji jalama. Ngaliwatan biografi bisa kapanggih ngeunaan hubungan, katerangan, jeung sajabana tina kalakuan tur paripolah hiji jalma anu teu dipikanyaho ku balaréa. Biasana nulis riwayat hirup atawa biografi téh nya éta pikeun nyaritakeun

kahirupan jalma anu geus kakoncara tur pada mikawanoh, tapi ka dieunakeun biografi bisa ditulis pikeun nyaritakeun riwayat hirup jalma biasa.

Pentingna pangajaran nulis biografi pikeun siswa nya éta sangkan siswa weruh kana kajadian atawa kana kahirupan hiji jalma. Diantarana bisa jalma anu geus kakoncara atawa jalma biasa. Salian ti éta biografi miboga fungsi pikeun ngeuyeuban katerangan dina widang sajarah. Ku kituna biografi teu saukur nulis riwayat hirup jalma anu jumeneng kénéh, tapi ogé bisa nulis riwayat hirup jalma anu geus maot.

Nulis biografi mibanda rupa-rupa mangpaat. Mangpaat biografi nya éta pikeun maluruh informasi anu leuwih ragem ti hiji jalma, bahan sajarah nu pernah kaalaman mangsa katukang, daftar kajian ngeunaan hiji kajian nu tangtu, jeung réa-réa deui.

Pangajaran nulis biografi di SMA tangtu leuwih jembar deui tibatan pangajaran nulis biografi di SMP. Pangajaran nulis biografi di SMA nungtut siswa pikeun weruh sacara lengkep kana kahirupan hiji jalma anu ditulisna.

Pangajaran biografi di SMA teu leupas tina kagiatan nulis. Dina kompetensi dasar kelas X biografi kaasup kana kagiatan nulis. Nulis mangrupa kagiatana nu produktif. Tina kagiatan nulis bisa ngawangun tur ngaronjatkeun kréatifitas. Salian ti éta kagiatan nulis kudu dirojong ku komponén-komponén séjénna, nya éta kaparigelan ngaregepkeun, kaparigelan maca, tur kaparigelan nyarita. Aspék-aspék ieu raket pisan patalina tur miboga pangaruh gedé kana kagiatan nulis.

Nulis mibanda tujuan anu kacida pentingna dina kahirupan manusa, boh keur budak boh keur jalma anu geus dewasa. Tujuan utama nulis nya éta pikeun

nepikeun informasi. Nurutkeun Salamun (1963:118) nulis atawa ngarang téh nya éta ngaréka carita, di alur susunanana dibéberés péréléanana, disisieup éntép seureuhna, jeung dipernahkeun selang surupna, maksudna sangkan carita henteu pabaliut, ulah matak lieur nu maca atawa nu ngabandingan.

Saperti nu geus ditétélakeun saméméhna, yén kagiatan nulis téh raket pisan patalina jeung aspék-aspék séjtna. Lamun siswa geus teu bisa nyatita maké basa Sunda, geus tangtu hésé nulis maké basa Sunda nu bener. Nilik kana hal kitu tétéla masih kénéh aya bangbaluh dina kagiatan nulis, boh nulis karya sastra boh nulis karangan atawa bahasan. Bisa jadi hal ieu téh dilantarankeun ku kurangna sarta teu éféktifna téhnik-téhnik pangajaran nu diterapkeun.

Kaayaan hasil pangajaran biografi di lapangan, tétéla pangajaran nulis biografi téh kurang dicangkem ku para siswa, sabab siswa kudu diajar nyieun biografi salah saurang jalma (pahlawan) tanpa nyaho kumaha riwayat manéhna baheula. Katingalina guru teu nyiapkeun heula bahan ajar anu ngirut siswa pikeun diajar. Sabab bahan pangajaran ngan matok kana buku ajar wungkul.

Siswa dibéré tugas nyieun biografi tanpa dibéré rujukan kumaha pangalaman hirupna hiji jalma anu rék ditulis riwayat hirupna. Dina harti euweuh tarékah pikeun néangan informasi ngeunaan kahirupan jalma anu rék ditulis riwayat hirupna.

Tina kaayaan hasil pangajaran biografi di sakola tétéla masih kénéh loba bangbaluh dina kagiatan pangajaranana. Ti mimiti masalah siswa nepi ka guru anu ngajarna, ogé situasi diajarna kaasup lingkungan kelas tur téhnik diajarna.

Nilik kana kaayaan samodél kitu, panalungtik miboga karep pikeun ngabebenah tur ngarobah situasi anu kurang kondusif jadi leuwih éféktif dina ngalaksanakeun kagiatan pangajaran. Hal-hal éta baris dibuktikeun dina hiji tindakan. Tindakan anu dilakukeun nya éta maluruh Téhnik anu hadé pikeun kagiatan nulis biografi. Salian ti éta ieu Téhnik téh bisa ngirut ati siswa sangkan résep dina diajarna.

Masalah-masalah nu aya tangtu bisa dipaluruh jalan kaluarana. Loba cara jeung Téhnik pikeun ngungkulan masalah dina pangajaran nulis biografi. Ku kituna panalungtik mibanda karep pikeun nerapkeun téhnik wawancara pikeun nulis biografi. Mémang can loba panalungtikan anu dilakukeun maké téhnik wawancara, kukituna panalungtik miboga karep pikeun nerapkeun ieu téhnik kana kagiatan pangajaran nulis biografi.

Ngaliwatan téhnik wawancara siswa bisa mikanyaho naon-naon nu kaalaman ku narasumber pikeun dijadikeun hiji karya tinulis nu mangrupa biografi. Saperti anu ditétélakeun ku E. Kosasih (2005:225) yén wawancara nya éta hiji cara pikeun ngumpulkeun data sarta méré patalékan langsung ka saurang informan atawa saurang autoritas (ahli) anu miboga wewenang dina hiji masalah. Tina pamadengan diluhur, yén téhnik wawancara pikeun pangajaran nulis biografi payus pisan pikeun diterapkeun.

Mémang can loba anu nalungtik ngeunaan pangajaran biografi. Salila panalungtik maluruh kajian panalungtikan nu geus aya, hususna di perpustakaan Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, teu kapanggih hasil panalungtikan séjén

ngeunaan biografi. Iwal ti panalungtikan anu dilakukeun ku Ikamarwati (2007), éta gé nalungtik ngeunaan otobiografi.

Tina panalungtikanana, tétéla nulis otobiografi téh kacida pentingna. Nulis otobiografi mibanda tujuan pikeun méré nyaho ka jalma nu lianna ngeunaan pangalaman panulis nu matak ngirut kana ati, cita-cita nu mangpaat atawa situasi nu pikaresepeun atawa nu nyusahkeun. Tétéla tina mangpaat nu geus kabuktian, nulis biografi gé kacida penting pisan pikeun mikanyaho pangalaman salasaurang tokoh sarta bisa diajar kana kahirupan salasaurang tokoh.

Panalungtikan nu dilaksanakeun ku Ikamarwati ngeunaan nulis otobiografi ngagunakeun téhnik drill tétéla hadé pisan, sarta bisa ningkatkeun kamampuh siswa dina nulis karangan otobiografi. Nilik kana situasi jeung kanyataan di lapangan anu langka pisan siswa miboga karep nulis, ku kituna salian ti ngagunakeun téhnik wawancara, panalungtik ngadumaniskeun jeung PTK (Panalungtikan Tindakan Kelas) sabab kagiatan nulis kaasup kagiatan anu kawilang hésé, ku kituna PTK diperlukeun dina ieu panalungtikan.

Dumasar kana pedaran di luhur, panalungtik rék ngaguar ngeunaan panalungtikan tindakan kelas maké téhnik wawancara pikeun ningkatkeun kamampuh nulis biografi. téhnik wawancara anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta ku cara siswa ngawawancara babaturanna sorangan, nepi ka meunang informasi anu hadé tur lengkep, anu satuluyna informasi nu geus aya dideskripsikeun sangkan ngajanggélék jadi biografi. Anu ahirna ieu panalungtikan téh dibéré judul “Téhnik Wawancara pikeun Ningkatkeun Kamampuh Nulis

Biografi (Panalungtikan Tindakan Kelas ka Siswa Kelas X-E SMA PASUNDAN 1 Kota Bandung taun ajar 2010/2011)”.
1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Nulis kaasup kana salah sahiji aspék kaparigelan basa. Dina pangajaran di SMA ngeunaan aspék nulis, rupa-rupa tulisan diajarkeun, diantaranya aya nulis tarjamahan, nulis aksara Sunda, nulis surat, nulis biografi, nulis carita pondok, nulis laporan kagiatan, nulis révéni buku, nulis sajak, nulis éséi, jeung nulis téks drama. Hal-hal ieu nu kudu dipikaweruh ku siswa sangkan parigel dina kagiatan nulis.

Teu saeutik téhnik jeung modél-modél pangajaran anu dipaké pikeun ngajar di sakola. Modél pangajaran jeung Téhnik ieu jadi salah sahiji alat pikeun ningkatkeun kamampuh siswa kana pangajaran anu diajarkeunna. Lian ti éta téhnik jeung modél-modél pangajaran ieu mangrupa alat pikeun ngirut siswa sangkan getol diajar. téhnik-téhnik nu biasa dipaké diantaranya téhnik drill, téhnik jigsaw, téhnik wawancara jeung réa-réa deui.

Masalah nu dikasangkutan ku panalungtik nya éta ngeunaan nulis biografi. Sarta pikeun ngarojong pangajaran nulis biografi, panalungtik maké téhnik wawancara pikeun ningkatkeun kamampuh nulis siswa.

Ku kituna tina kasang tukang diluhur dicindekkeun yén masalah dina ieu panalungtikan téh nya éta kurangna karep jeung pangabisa siswa dina kagiatan nulis. Ku kituna ieu masalah baris diwatesanan nya éta ngeunaan usaha

ningkatkeun kamampuh nulis biografi maké téhnik wawancara, (Panalungtikan Tindakan Kelas ka siswa kelas X-E SMA PASUNDAN 1 Kota Bandung taun ajar 2010/2011).

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah tadi, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan anu judulna “Téhnik Wawancara pikeun Ningkatkeun Kamampuh Nulis Biografi (Panalungtikan Tindakan Kelas ka Siswa Kelas X-E SMA PASUNDAN 1 Kota Bandung Taun Ajar 2010/2011)” sahenteuna miboga sababaraha masalah nu aya, di antarana:

- 1) kurangna kamampuh siswa dina nulis biografi;
- 2) can aya stratégi pangajaran nu éféktip pikeun pangajaran nulis biografi; jeung
- 3) can aya kolaborasi atawa pendekatan humanistik antara guru jeung peserta didik/siswa.

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, baris dirumuskeun masalah-masalah nu aya kana kalimah pananya di handap:

- 1) Kumaha kamampuh siswa kelas X-E SMA Pasundan 1 Bandung dina nulis biografi, saméméh jeung sabada dibéré perlakuan ku cara ngajarkeun nulis biografi maké TW ti guru?
- 2) Kumaha pamahaman siswa kelas X-E SMA Pasundan 1 Bandung kana nulis biografi maké téhnik wawancara?

- 3) Bangbaluh naon nu karandapan dina ngajarkeun nulis biografi maké téhnik wawancara ka siswa kelas X-E SMA Pasundan 1 Bandung?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Hakékatna unggal panalungtikan mibanda tujuan, di antarana tujuan umum jeung tujuan husus, anu jadi tujuan umum dina ieu panalungtikan nya éta, mekarkeun téhnik wawancara dina pangajaran nulis biografi siswa kelas X, sangkan ieu téhnik jadi alat pangajaran anu bisa dijadikeun conto pikeun guru dina mekarkeun téhnik pangajaran anu éféktif.

1.3.2 Tujuan Husus

Dumasar kana rumusan masalah di luhur, sacara husus ieu panalungtikan mibanda tujuan pikeun, ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh siswa kelas X-E SMA Pasundan 1 Bandung dina nulis biografi maké Téhnik wawancara;
- 2) ngadéskripsikeun pamaham siswa dina kagiatan nulis biografi siswa kelas X SMA Pasundan 1 Bandung maké TW; jeung
- 3) bangbaluh anu disanghareupan guru dina ngajarkeun pangajaran nulis biografi maké Téhnik wawancara ka siswa kelas X SMA Pasundan 1 Bandung.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nya éta pikeun méré anggapan ka guru yén téhnik wawancara saluyu pisan diterapkeun pikeun pangajaran nulis biografi.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan mibanda sababaraha mangpaat praktis, di antarana:

- 1) Panalungtik: mibanda mangpaat pikeun ngembangkeun deui kreatifitas dina ngajarkeun pangajaran utamana basa jeung sastra Sunda ka siswa, hususna dina maké téhnik wawancara;
- 2) Pikeun guru: mibanda mangpaat pikeun ngajembaran deui pangaweruh guru dina sistematika ngajar di sakola, dina harti guru kudu ngawasa téhnik-téhnik ngajar sangkan siswa sumanget diajarna; jeung
- 3) Pikeun siswa: mibanda mangpaat pikeun nambahan pangarti siswa dina diajar pangajaran basa jeung sastra Sunda hususna dina pangajaran nulis biografi sanggeus diterangkeun ku guru maké téhnik wawancara.

1.5 Wangenan Istilah

Aya sawatara hal anu perlu dijéntrékeun patali jeung istilah-istilah anu dipaké dina ieu panalungtikan, nya éta:

- 1) téhnik nya éta cara kongkrit nu dipaké nalika pangajaran lumangsung;

- 2) wawancara nya éta komunikasi antara dua jalma atawa leuwih sangkan meunangkeun informasi anu dipikaharep;
- 3) kamampuh nya éta poténsi pikeun ngawasa hiji kaparigelan nu mangrupa bawaan ti lahirna atawa mangrupa hasil tina latihan, jeung digunakeun pikeun migawé hiji hal nu diwujudkeung ngaliwatan tindakan;
- 4) nulis nya éta hiji kaparigelan basa anu gunana pikeun komunikasi sacara teu langsung;
- 5) Biografi nya éta ngandung harti riwayat hirup anu kawilang lengkep, ngeunaan kahirupan hiji jalma nu nyaritakeun ngeunaan pangalaman, kagiatan, pasipatanana, tempramenna, jeung lingkungan anu ditulis ku batur;
- 6) panalungtikan tindakan kelas nya éta hiji kagiatan panalungtikan anu dilakukeun di kelas.

1.6 Anggapan Dasar

Ilaharna unggal panalungtikan miboga anggapan dasar, fungsi anggapan dasar di dieu nya éta pikeun patokan anu baris dihontal, sedengkeun sababaraha hal anu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) yén téhnik pangajaran pohara pentingna dipaké dina kagiatan pangajaran, sabab bisa ngaronjatkeun hasil diajar siswa;
- 2) téhnik pangajaran bisa dijadikeun padoman dina kagiatan pangajaran salaku alat pikeun ngajar;

- 3) Kamampuh nulis penting pisan pikeun bahan pangajaran, sabab kaasup kana opat kaparigelan basa, anu geus disaluyukeun dina unggal pangajaran basa Sunda; jeung

1.7 Méthode Panalungtikan

Panalungtikan ieu mangrupa panalungtikan tindakan kelas (PTK), nu miboga tujuan pikeun nala'ah jeung ngaréfléksikeun hiji pamarekan pangajaran anu tujuanana pikeun ningkatkeun prosés pangajaran di kelas. PTK nya éta panalungtikan nu dilakukeun ku guru di kelasna ku cara ngararancang, ngalaksanakeun jeung ngaréfleksiikeun tindakan sacara kolaboratip jeung partisipatip nu tujuana sangkan ngabebeulah kinerjana salaku guru sangkan hasil diajar siswa bisa ningkat (Mundilarto, 2004:1).

Panalungtikan nu dilakukeun nya éta panalungtikan tindakan kelas nu orientasina kana téhnik wawancara pikeun ningkatkeun kamampuh nulis biografi, nu ngawengku: matéri ajar, rencana pelaksanaan pembelajaran (RPP), lembar kerja siswa, lembar observasi guru, jeung instrumen lembar tés.

1.8 Lokasi jeung Sumber Data Panalungtikan

Ieu panalungtikan dilaksanakeun di SMA Pasundan 1 Bandung nu alamatna di jalan Balong Gede No 28 Bandung. Sumber data ieu panalungtikan nya éta hasil diajar nulis biografi siswa kelas X-E nu jumlahna 33 urang dina palajaran basa Sunda semester 2 Taun Ajaran 2010/2011.